



ADMINISTRASYON TI BIZNIS AMERIKEN APLIKASYON POU FINANSMAN REMANBREMAN RESTORAN

Nimewo Kontwòl OMB: 3245-XXXX

Dat Ekspirasyon: XX/XX/XXXX

097 – Hatian Creole- Angle

Objektif Fon Revitalizasyon Restoran (RRF) se pou sipòte sektè restoran yo atravè finansman pou moun ki te sibi gwo pèt revni ki gen rapò ak pandemi an. RRF la gen ladan tou kondisyon espesifik pou asire distribisyon egal-ego pou ti biznis yo ki se pou fanm, veteran, ak aplikan ki nan move kondisyon sou plan sosyal ak ekonomik.

Se aplikan ki ap aplike pou finansman nan Pwogram Revitalizasyon Restoran ki pou ranpli aplikasyon sa a. SBA ap kolekte enfòmasyon yo mande yo pou detèmine si aplikan kalifye pou finansman. W ap jwenn konsiy ak definisyon nan fen aplikasyon sa a.

SBA ka bay finansman ki rive jiska \$5,000,000 pou chak kote (pa depase total \$10,000,000 pou aplikan an ak nenpòt ki biznis afilye) pou aplikan ki satisfè sèten kondisyon. Prim minimòm lan pral \$1,000; kidonk, yo pap aksepte aplikasyon pou mwens pase \$1,000. *Gade* enstriksyon aplikasyon pou konte restoran.

Benefisyè yo pa pral oblije remèt lajan yo resevwa nan kad Pwogram Revitalizasyon Restoran sof si fon yo te itilize pou rezon ki se pa rezon otorize yo, si fon yo pa te itilize disi 11 mas 2023, oswa si sa aplikab, moun ki resevwa lajan te fèmen nèt anvan l itilize tout lajan pou rezon ki otorize.

Repons ou pou aplikasyon sa a obligatwa pou SBA ka pran yon desizyon konsènan kalifikasyon ou.

Ranpli tout aplikasyon an, mete inisyal ou ak siyati ou kote yo mande sa. Soumèt aplikasyon ou ranpli a ak tout dokiman ki nesèsè yo bay SBA. SBA ka refize aplikasyon w lan si li pa fin ranpli oswa si li manke dokiman ki nesèsè yo.

Soumèt aplikasyon an pa garanti y ap apwouve aplikasyon an oswa ba w lajan.

Aplikasyon pou Finansman Revitalizasyon Restoran

Non Legal Biznis (si se yon sèl pwopriyetè, antre non ak prenon) :

"Fè Biznis sou Non" si li pap menm ak Non Legal Biznis lan:

Adrès Biznis (Ri, Vil, Eta, Kòd Postal) Pou aplikan kap vann nan strikti pèmanan, antre adrès prensipal la. Pou aplikan ki opere kamyon manje mobil, charyo, elatriye, antre adrès katye jeneral biznis la. Tache yon fèy apa si sa nesèsè. P.O. Box (bwat [postal] pa otorize:

Nimewo Idantifikasyon Taks Biznis (EIN, SSN, ITIN): _____

Enfòmasyon ACH pou kont kote lajan ap depoze:

Non enstitisyon kredite a: _____

Nimewo Routing: _____ **Nimewo kont:** _____

Tcheke youn: Kont kouran Kont epay

Pwopriyete Aplikan: Lis tout pwopriyetè 20% oswa plis nan aksyon Aplikan an. Si pa gen pwopriyetè ki gen omwen 20% nan pwopriyete aplikan an, ou dwe liste ase pwopriyetè ki gen aksyon konbine yo reprezante omwen 20% nan pwopriyetè Aplikan an. Aksyon ki nan lis pa gen pou l rive nan 100% propriyete. Tache yon fèy apa si sa nesèsè.

Non Pwopriyetè #1: _____

- Nimewo Idantifikasyon Taks (EIN, SSN, ITIN) Pwopriyetè #1: _____
- Pousantaj pwopriyete pwopriyetè #1: _____%
- Adrès Pwopriyetè #1: _____

Non Pwopriyetè #2: _____

- Nimewo Idantifikasyon Taks (EIN, SSN, ITIN) Pwopriyetè #2: _____
- Pousantaj pwopriyete pwopriyetè #2 : _____%
- Adrès Pwopriyetè #2 : _____

Non Pwopriyetè #3: _____

- Nimewo Idantifikasyon Taks (EIN, SSN, ITIN) Pwopriyetè #3: _____
- Pousantaj pwopriyete pwopriyetè #3 : _____%
- Adrès Pwopriyetè #3: _____

Non Pwopriyetè #4: _____

- Nimewo Idantifikasyon Taks (EIN, SSN, ITIN) Pwopriyetè #4: _____
- Pousantaj Pwopriyete Pwopriyetè #4 : _____%
- Adrès Pwopriyetè #4: _____

Aplikasyon pou Finansman Revitalizasyon Restoran

Fòm Oganizasyon Aplikan an:

- KòporasyonC
- Kòporasyon S
- Patenarya
- Konpayi Responsablite Limite
- Sèl pwopriyete oswa yon travayè endepandan
- Biznis Tribi

Aplikan an dwe regade epi reponn a tout kesyon annapre yo. TANPRI GADE ENSTRIKSYON APLIKASYON AN BAY POU JWENN ENFOMASYON SOU JAN POU RANPLI APLIKASYON SA A.

1. Biznis aplikan an:
 - a. Se yon biznis otorite onivo Oleta oswa lokal ap opere: Non Wi (si Wi, aplikan an pa kalifye)
 - b. Depi 13 mas 2020, posede oswa opere (ansanm ak nenpòt ki biznis afilye) plis pase 20 lokasyon, kèlkeswa kote sa yo fè biznis anba menm non yo oswa plizyè non.
 - Non Wi (si Wi, aplikan an pa kalifye)
 - c. Gen yon aplikasyon annatant pou oswa te resevwa yon Sibvansyon pou Operatè Sal Evènman ki fèmen yo
 - Non Wi (si Wi, aplikan an pa kalifye)
 - d. Se yon konpayi ki enskri nan yon bous (defini kòm yon antite kote majorite li se pwopriyete oswa anba kontwol yon antite ki se yon distribitè, ak valè li yo liste sou yon mache valè nasyonal)
 - Non Wi (si Wi, aplikan an pa kalifye)
2. Kilès nan bagay sa yo ki pi byen dekri biznis aplikan an? Tyeke tout sa ki valab pou ou.
 - Restoran
 - Stand manje, kamyon manje, charyo manje
 - Sèvis tretè
 - Ba, saloon, lonj, tavèn
 - Brasri, sal degistasyon, taproom (Elijibilite mande pou lavant sou plas pou piblik ki gen ladann omwen 33% resèt brit)
 - Inn (Elijibilite mande pou lavant manje ak bwason sou plas pou piblik la ki gen ladann omwen 33% resèt brit)
 - Etablisman ki gen lisans oswa sit yon pwodiktè alkòl bwason kote piblik la ka goute, eseye, oswa achte pwodwi
 - Lòt biznis menm jan kote piblik la oswa kliyan rasanble sitou pou yo sèvi yo manje oswa bwason
 - Ba snak ak bwason san alkòl
 - Boulanje (Kalifikasyon mande pou lavant ak piblik la fè omwen 33% resèt brit)
 - Brasri ak / oswa ti brasri (Kalifikasyon mande pou vann bay piblik la fè omwen 33% nan resèt brit)
 - Kote yo fè diven (Elijibilite mande pou lavant ak piblik la fè omwen 33% resèt brit)
 - Distilri (Elijibilite mande pou lavant ak piblik la fè omwen 33% nan resèt brit)

Aplikasyon pou Finansman Revitalizasyon Restoran

3. Èske biznis aplikan an fèmen nèt?

- Non (Tyeke "Non" si ou fèmen pou yon ti tan oswa si wap travay aktivman sou ouvèti)
- Wi (Aplikan pa kalifye)

4. Èske aplikan an aktyèlman nan fayit?

- Non (Aplikan kalifye)
- Wi - Opere anba yon plan apwouve nan reòganizasyon anba swa yon fayit Chapit 11, Chapit 12 oswa Chapit 13 (Aplikan kalifye)
- Wi - Depoze swa pou yon fayit Chapit 11, Chapit 12 oswa Chapit 13 men pa gen okenn plan reòganizasyon ki te apwouve (Aplikan pa kalifye)
- Wi - Depoze pou yon fayit Chapit 7, ap sibi yon Chapit 11 kap likide, ak/oswa li fèmen pou tout tan (Aplikan pa kalifye)

5. Èske aplikan te resevwa yon prè Premye Tiraj Pwogram Pwoteksyon Chèk (PPP) (Prè PPP Premye Tiraj) nenpòt ki lè nan lane 2020 oswa 2021?

- Non
- Wi

Si wi: Konbyen ou te resevwa? \$ _____

Nimewo Prè SBA PPP: _____

Pa mete okenn kantite lajan ou remèt nan dat 18 me 2020 oswa anvan annakò avèk règleman filè sekirite PPP.

6. Èske Aplikan an te resevwa yon dezyèm prè Dezyèm Tiraj Pwogram Pwoteksyon Chèk (PPP) (Dezyèm Tiraj Prè PPP) nan lane 2021?

- Non
- Wi

Si wi: Konbyen ou te resevwa? \$ _____

Nimewo Prè SBA PPP: _____

7. Èske aplikan an gen afilye?

- Non
- Wi

7.(a) Si wi, konbyen afilye Aplikan an genyen?

7.(b) Tanpri liste non legal biznis chak afilye (tache fèy anplis si sa nesèsè):

Èske aplikan an opere anba yon franchiz, lisans, oswa yon akò menm jan?

- Non
- Wi

Aplikasyon pou Finansman Revitalizasyon Restoran

Si wi, èske akò a nan lis Anyè franchiz SBA a?

- Non
- Wi

8. Èske Aplikan an oswa nenpòt pwopriyete Aplikan an pou kounye a te jwenn sispansyon, entèdiksyon, twouve li sou lis pou entèdiksyon, deklare pa kalifye, te mete deyò nan patisipasyon nan tranzaksyon sa a nan men yon depatman oswa ajans federal, oswa enplike nan yon fayit pou kounye a?

- Non
- Wi

9. Ki dat ou te kòmanse fè lavant? (Mwa, Jou, Ane oswa N/A si li pa aplikab) _____

Model

TABLO 1: Kalkil kantite lajan finansman an pou aplikan ki te nan operasyon anvan oswa nan dat 1mye janvye 2019:

1	Mete resèt brit 2019 jan ou rapòte sou deklarasyon taks federal 2019 ou:		\$
2	Mete resèt brit 2020 jan ou rapòte oswa yo dwe rapòte sou deklarasyon taks 2020 Federal ou. Pa enkli okenn kantite lajan ou te resevwa nan yon Pwogram Pwoteksyon Salè (PPP), SBA Seksyon 1112 peman soulajman dèt, oswa nan yon Prè Dezas Ekonomik SBA (EIDL), avans EIDL, avans EIDL sible, sibvansyon ti biznis onivo eta ak lokal (via CARES Act oswa yon lòt fason).	\$	\$
3	Rantre kantite total prè PPP yo (Prè PPP nan Premye Tiraj ak Prè PPP nan Dezyèm Tiraj) ou resevwa, kèlkeswa ou te resevwa lajan nan lane 2020 oswa 2021. Pa mete okenn kantite lajan ou remèt nan dat 18 me 2020 oswa anvan, selon règleman filè sekirite PPP.	\$	
4	Adisyone liy 2 ak 3 ansanm	\$	
5	Fè soustraksyon liy 4 sot nan liy 1	Liy 1 -- liy 4 =	\$
6	Rantre kantite lokal bizni aplikan an opere		
7	Miltipliye liy 6 pa \$5,000,000.	Liy 6 X \$5,000,000=	
8	Si liy 7 pi piti pase liy 5: Mete kantite lajan ki soti nan liy 7 Si liy 5 pi piti pase liy 7: Mete kantite lajan ki soti nan liy 5	Mete kèlkeswa sa ki pi piti a, liy 7 oswa liy 5	\$
9	Ajiste pou limit maksimòm pou w ou ak afilye ou yo. Diminye liy 8 la pou kantite lajan finansman ou, ansanm ak afilye ou yo pa plis pase \$10,000,000. Si ou pa gen afilye, oswa si sibvansyon ou, ansanm ak afilye ou, se \$10,000,000 oswa mwens, antre kantite lajan ki soti nan liy 8 la. SA SE KANTITE FINANSMAN OU MANDE - Gade Tablo 4.		\$

TABLO 2: Kalkil kantite lajan finansman pou aplikan ki te kòmanse operasyon pasyèlman nan lane 2019:

1(a)	Mete resèt brit 2019 jan ou rapòte sou deklarasyon taks federal 2019 ou:		\$
1(b)	Mete kantite mwa ou te nan operasyon nan lane 2019. Pa egzanp, si ou te louvri pandan 2 ½ mwa, antre 2.5. Awondi nan dizyèm desimal la (egzanp 2.5)		
1(c)	Divize liy 1(a) pa liy 1(b) Sa a se mwayèn resèt brit ou chak mwa .	Liy 1(a) / liy 1(b) =	\$
1(d)	Miltipliye liy 1(c) pa 12 Sa a se resèt brit ane 2019 ou.	Liy 1(c) X 12 =	\$
2	Mete resèt brit 2020 jan ou rapòte oswa yo dwe rapòte sou deklarasyon taks 2020 Federal ou. Pa enkli okenn kantite lajan ou te resewva nan yon Pwogram Pwoteksyon Salè (PPP), SBA Seksyon 1112 peman soulajman dèt, oswa nan yon Prè Dezas Ekonomik SBA (EIDL), avans EIDL, avans EIDL sible, sibvansyon ti biznis onivo eta ak lokal (via CARES Act oswa yon lòt fason).	\$	\$
3	Rantre kantite total prè PPP yo (Prè PPP nan Premye Tiraj ak Prè PPP nan Dezyèm Tiraj) ou resewva, kèlkeswa ou te resewva lajan nan lane 2020 oswa 2021. Pa mete okenn kantite lajan ou remèt nan dat 18 me 2020 oswa anvan, selon règleman filè sekirite PPP.	\$	
4	Adisyone liy 2 ak 3 ansanm	\$	
5	Fè soustraksyon liy 4 soti nan liy 1(d)	Liy 1(d) - Liy 4 =	\$
6	Rantre kantite lokal bizni aplikan an opere		
7	Miltipliye liy 6 pa \$5,000,000.	Liy 6 X \$5,000,000 =	
8	Si liy 7 pi piti pase liy 5: Mete kantite lajan ki soti nan liy 7 Si liy 5 pi piti pase liy 7: Mete kantite lajan ki soti nan liy 5	Mete kèlkeswa sa ki pi piti a, liy 7 oswa liy 5	\$
9	Ajiste pou limit maksimòm pou w ou ak afilye ou yo. Diminye liy 8 la pou kantite lajan sibvansyon ou, ansanm ak pa afilye ou yo pa plis pase \$10,000,000. Si ou pa gen afilye, oswa si sibvansyon ou, ansanm ak afilye ou, se \$10,000,000 oswa mwens, antre kantite lajan ki soti nan liy 8 la. SA SE MONTAN FINANSMAN OU MANDE A - Gade Tablo 4.		\$

TABLO 3: Kalkil kantite lajan finansman pou aplikan ki te kòmanse operasyon nan dat oswa ant 1 janvyè 2020 ak 10 mas, 2021; ak pou aplikan ki poko louvri, men ki nan dat 11 mas 2021, te fè depans ki kalifye:

1	Mete kantite lajan ou te depanse pou depans kalifye. Depans kalifye yo gen menm definisyon ak itilizasyon lajan kalifye:		\$
2	Rantre tout resèt brit nan dat 11 mas 2021. Pa enkli okenn kantite lajan ou te resevwa nan yon Pwogram Pwoteksyon Salè (PPP), SBA Seksyon 1112 peman soulajman dèt, oswa nan yon Prè Dezas Ekonomik SBA (EIDL), avans EIDL, avans EIDL sibler, sibvansyon ti biznis onivo eta ak lokal (via CARES Act oswa yon lòt fason).	\$	\$
3	Rantre kantite total prè PPP yo (Prè PPP nan Premye Tiraj ak Prè PPP nan Dezyèm Tiraj) ou resevwa, kèlkeswa ou te resevwa lajan nan lane 2020 oswa 2021. Pa mete okenn kantite lajan ou remèt nan dat 18 me 2020 oswa anvan, selon règleman filè sekirite PPP.	\$	
4	Adisyone liy 2 ak 3 ansanm	\$	
5	Fè soustraksyon liy 4 sot nan liy 1	Liy 1 -- liy 4 =	\$
6	Rantre kantite lokal bizni aplikan an opere		
7	Miltipliye liy 6 pa \$5,000,000.	Liy 6 X \$5,000,000 =	
8	Si liy 7 pi piti pase liy 5: Mete kantite lajan ki soti nan liy 7 Si liy 5 pi piti pase liy 7: Mete kantite lajan ki soti nan liy 5	Mete kèlkeswa sa ki pi piti a, liy 7 oswa liy 5	\$
9	Ajiste pou limit maksimòm pou w ou ak afilye ou yo. Diminye liy 8 la pou kantite lajan sibvansyon ou, ansanm ak pa afilye ou yo pa plis pase \$10,000,000. Si ou pa gen afilye, oswa si sibvansyon ou, ansanm ak afilye ou, se \$10,000,000 oswa mwens, antre kantite lajan ki soti nan liy 8 la. SA SE MONTAN FINANSMAN OU MANDE A - Gade Tablo 4.		\$

TABLO 4: Tout Aplikan yo dwe ranpli li

Montan total tout kantite lajan finansman yo mande nan liy 9 nan Tablo 1, 2, ak 3	\$
Kantite total kote yo itilize nan kalkile demann finansman	

Aplikasyon pou Finansman Revitalizasyon Restoran

Objektif Fon Revitalizasyon Restoran (chwazi tout sa ki aplike)

- Depans pewòl biznis, ki gen ladan konje maladi peye
- Lwaye Biznis/Ipotèk Biznis
- Sèvis Dèt Biznis
- Sèvis piblik pou biznis
- Depans manje ak bwason pou biznis, ki gen ladan matyè premyè
- Depans antretyen biznis
- Konstriksyon Syèj Deyò
- Pwodwi pou Biznis
- Depans Founisè ki asire
- Depans Fonksyonman Biznis

Priyorite nan Distribisyon Fon Revitalizasyon Restoran

Selon Lwa sou Plan Sekou Ameriken 2021 an, SBA ap bay priyorite ak distribisyon fon bay Aplikan ki se ti biznis ak omwen 51 pousan ki se posesyon oswa anba kontwol fanm, veteran, ak/oswa moun ki nan move kondisyon sosyal ak ekonomik. Aplikan nan youn nan kategori sa yo ki ap opere anba yon plan reòganizasyon yo apwouve anba swa yon fayit Chapit 11, Chapit 12 oswa Chapit 13 epi yo pa gen yon jesyonè kap egzèse kontwòl toutlejou ki kalifye pou finansman nan kad pwogram sa a. *Gade* enstriksyon aplikasyon yo pou w jwenn definisyon ki aplikab yo.

nan dat aplikasyon sa a, Aplikan an se yon ti biznis ak omwen 51 pousan se posesyon oswa anba kontwol (tyeeke tout sa ki aplike):

- Youn oswa plis fanm
- Veterans(yo)
- Moun ki nan move kondisyon sosyal ak ekonomik

Oto-Sètifikasyon ki di Aplikan an kalifye pou priyorite nan Distribisyon Fon Revitalizasyon Restoran:

Reprezantan otorize aplikan an dwe limenm sètifye Aplikan an kalifye pou priyorite nan distribisyon sibvansyon paske Aplikan an se yon ti bizni elijib ki se pou epi plase anba kontwol youn oswa plis fanm, veteran, ak/oswa moun ki nan move kondisyon sosyal ak ekonomik **ak inisyal li l ap mete isit la:** _____

Dokimantasyon Obligatwa (Yo pap aksepte aplikasyon san sa ki annapre yo):

(1) Pou tout aplikan:

- Aplikasyon sa a, ranpli, inisyalize, epi siyen; ranpli fòm dijital sa a sou Platfòm Sibvansyon SBA ap satisfè egzijans sa a.
- Fòm IRS 4506-T, aplikan ranpli ak siyen. Ranpli fòm dijital sa a sou Platfòm Sibvansyon SBA a ap satisfè egzijans sa a.
- You n nan dokiman annapre yo ki montre resèt brit

Aplikan ki te nan operasyon anvan oswa nan dat 1 janvyè 2019, dwe bay dokiman resèt brit pou 2019 **ak** 2020;

Aplikan ki te kòmanse operasyon pasyèlman nan lane 2019, dwe bay dokiman resèt brit pou 2019 **ak** 2020;

Aplikan ki te kòmanse operasyon nan dat oswa ant 1 janvyè 2020 epi ki fini nan dat 10 mas 2021 **epi** Aplikan ki poko louvri, men nan dat 11 mas 2021, men ki te fè depans kalifye, yo dwe founi dokiman resèt brit ak depans kalifye pou tout tan yo tap opere yo.

Aplikasyon pou Finansman Revitalizasyon Restoran

Dokiman akseptab pou resèt brit epi, si sa aplikab, depans kalifye, gen ladan bagay sa yo:

- Deklarasyon taks biznis (Fòm IRS 1120 oswa IRS 1120-S);
- Fòm IRS 1040 Skedil C; Fòm IRS 1040 Skedil F;
- Pou yon patenarya: Fòm IRS 1065 pou patenarya (ki gen ladan K-1s);
- Atestasyon labank;
- Deklarasyon finansye prepra a lekstèn oswa lentèn Deklarasyon Revni oswa Deklarasyon Pwofi ak Pèt;
- Rapò sou pwen vant, ki gen ladan Fòm IRS 1099-K.

(2) Pou aplikan ki se yon b rasri, sal degistasyon, taproom, brasri, distilri, oswa boulanje: Anplis dokiman ki nan (1) pi wo a, dokiman ki pwouve lavant sou plas bay piblik genyen omwen 33% resèt brit nan lane 2019 ki rantre nan kalkil finansman ou an, ki ka gen ladan rapò Biwo Taks ak Komès ou depoze oswa ou dwe depoze ki kouvri peryòd pou ki wap deklare resèt brit, oswa si sa aplikab, depans ki kalifye.

(3) Pou aplikan ki se yon otèl: Anplis dokiman ki (1) pi wo yo, dokiman ki pwouve lavant manje ak bwason sou plas pou piblik la genyen omwen 33% nan resèt brit nan lane 2019 ki rantre nan kalkil finansman ou an.

Oto-Sètifikasyon pou tout Aplikan:

Reprezantan otorize Aplikan an dwe sètifye ak bòn fwa li pou tout sa ki anba a ak yon **inisyas** akote chak:

_____ Biznis aplikan an pa fèmen nèt.

_____ Sitiyasyon ekonomik ensèten jounen jodi a fè demann prè sa a nesèsè pou Aplikan an ka kontinye fonksyone.

_____ Mwen konprann ke biznis aplikan an dwe itilize tout lajan yo sèlman sou itilizasyon ki kalifye anndan peryòd ki kouvri a, ki se peryòd ki kòmanse 15 fevriye 2020 epi ki fini 11 mas 2023. Si biznis la fèmen nèt, peryòd ki kouvri a ap fini lè biznis la fèmen nèt oswa nan dat 11 mas 2023, kèlkeswa sa ki rive pi bonè a. Benefisyè ki pa kapab sèvi ak tout lajan yo te resevwa sou depans ki kalifye nan fen peryòd ki kouvri a dwe retounen nenpòt lajan ki pa itilize bay Trezò.

_____ Mwen konprann lè mwen siyen aplikasyon sa a epi mwen aksepte fon RRF, mwen dakò pou pa pita pase fen peryòd ki garanti a, mwen pral sètifye bay SBA ke biznis Aplikan an itilize tout lajan sèlman sou itilizasyon ki kalifye nan peryòd ki garanti a.

_____ Aplikan an, ansanm ak afilye li yo, pa posede oswa opere plis pase 20 lokal, kèlkeswa kote sa yo fè biznis anba menm non yo oswa lòt non.

_____ Aplikan a pa aplike epi li pa resevwa yon sibvansyon pou Operatè Sal evènman ki Fèmen nan men SBA.

_____ Aplikan an se pa yon konpayi kòmès piblik (konpayi komès piblik se yon antite yon antite ki se yon distribitè posede oswa kontwole, kote sekirite li yo nan yon lis sou yon echanj sekirite nasyonal anba seksyon 6 nan Lwa sou Echanj Sekirite 1934 la).

_____ Mwen sètifye tou enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon an ak enfòmasyon yo bay nan tout dokiman sipò ak fòm yo vre epi kòrèk pou tout sa ki enpòtan yo. Li klè pou mwen si mwen fè yon fo deklarasyon ak tout konsyans mwen pou mwen jwenn yon sibvansyon nan SBA, lalwa pini sa, ansanm ak 18 U.S.C. 1001 ak 3571, ki pini zak sa ak anprizonman ki pa plis pase senk lane ak/ oswa yon amann ki rive jiska \$250,000; anba 15 U.S.C. 645 ak anprizonman pa plis pase de zan ak/oswa yon amann ki pa plis pase \$5,000; epi, si yo soumèt li bay yon enstitisyon ki gen asirans federal, anba 18 U.S.C. 1014 ak anprizonman pa plis pase trant lane ak/oswa yon amann ki pa plis pase \$1,000,000.

_____ Mwen rekonèt si Aplikan an oswa nenpòt pwopriyete ki nan lis sou yon lis Trezò pa Peye (DNP), SBA ap banm avi ak yon opòtinite pou rezoud pwoblèm nan. Si mwen pa kapab rezoud pwoblèm nan, SBA ka refize aplikasyon mwen an.

Aplikasyon pou Finansman Revitalizasyon Restoran

- _____ Mwen rekonèt SBA ap konfime kalifikasyon Aplikan pou finansman nan kad Pwogram Revitalizasyon Restoran. Mwen rekonèt SBA ka chwazi aplikasyon mwen an pou kontwòl kontab oswa revizyon, epi mwen sètifye mwen pral bay SBA dokiman yo mande yo. Li klè pou mwen, mwen rekonèt epi mwen dakò pou Sèvis Revni Entèn lan pataje enfòmasyon taks mwen bay reprezantan otorize SBA yo, tankou reprezantan otorize Biwo Enspektè Jeneral SBA, pou yo ka garanti konfòmite ak tout egzijans, regleman ak lwa pwogram nan.
- _____ Aplikan an elijib pou resevwa finansman dapre règleman ki anvigè nan moman aplikasyon sa a soumèt.
- _____ Aplikan a pa angaje nan okenn aktivite ki ilegal dapre lwa onivo federal, eta oswa lokal.
- _____ Nan limit ki posib, mwen pral achte sèlman ekipman ak pwodwi Ameriken fè.
- _____ Mwen li deklarasyon ki ekri nan fòm sa a, tankou Deklarasyon Lalwa ak Dekrè Egzekitif Egzije yo, epi mwen konprann yo.

Enfòmasyon Demografik Aplikan (Si ou vle) - Done sa yo kolekte pou rezon rapò pwogram sèlman. Piblikasyon fèt si w vle e sa pap gen okenn enpak sou dezizyon aplikasyon an.

Non Prensipal la	Pozisyon
Chwazi Repons Anba a:	
Veteran	<input type="checkbox"/> ki pa Veteran <input type="checkbox"/> Veteran <input type="checkbox"/> Veteran ak Sèvis pou andikapè <input type="checkbox"/> Konjwen Veteran <input type="checkbox"/> Pa Divilge
Gason ou Fi	<input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi <input type="checkbox"/> Pa Divilge
Ras (ou ka chwazi plis pase 1)	<input type="checkbox"/> Ameriken Endyen or Natif Alaska <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Nwa or Afriken-Ameriken <input type="checkbox"/> Natif natal Awayi or Zile Pasifik <input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Pa divilge
Etnisite	<input type="checkbox"/> Ispanik oswa Latino <input type="checkbox"/> Pa Ispanik pa Latino <input type="checkbox"/> Pa Divilge

Non Reprezantan Otorize Aplikan an (Moun ki siyen aplikasyon an nan non Aplikan an epi ki pral resevwa tout mesaj ki soti nan SBA) :

Non: _____ **Siyati:** _____

Telefòn Biznis: _____ **Tit:** _____

Adrès Imèl : _____ (Si pa gen okenn, SBA ap poste korespondans nan adrès biznis la)

Siyati Reprezantan Otorize Aplikan an

Dat

Aplikasyon pou Finansman Revitalizasyon Restoran

Pou kisa fòm sa a:

Reprezantan otorize aplikan an dwe ranpli fòm sa epi soumèt li annakò avèk paj 1 aplikasyon an. Yo mande pou soumèt enfòmasyon yo mande yo pou yo ka pran yon detèminasyon konsènan kalifikasyon w pou asistans finansye. Si ou pa soumèt enfòmasyon yo, sa pral afekte detèminasyon sa a.

Sa pou fè pou ranpli fòm sa a:

Itilizasyon fon ki kalifye se: (1) Depans pewòl biznis, ki gen ladan konje maladi ak depans ki gen rapò ak kontinyasyon swen sante gwoup, asirans vi, andikap, zye, dan pandan peryòd maladi peye, oswa konje fanmi, ak prim asirans swen sante gwoup, vi, andikap, zye oswa dan; Depans pewòl yo konpoze de konpansasyon pou anplwaye yo (ki gen prensipal rezidans yo se Etazini) sou fòm salè, komisyon, oswa konpansasyon menm jan; tep kach oswa ekivalan a (ki baze sou dosye patwon nan tep pase yo oswa, nan absans dosye sa yo, yon estimasyon rezonab, patwon fè bòn fwa sou tep sa yo); peman pou vakans, konje paran, fanmi, medikal oswa maladi (eksepte salè kalifye (jan sa defini nan sou-seksyon (c)(3) nan seksyon 2301 nan Lwa sou CARES) yo pran an kont nan detèmine kredi ki otorize anba seksyon 2301 an; oswa prim yo te pran an kont pou detèmine kredi ki otorize anba seksyon 6432 nan Kòd Revni Entèn 1986 la); alokasyon pou separasyon oswa ranvwa; peman pou dispozisyon pou benefis anplwaye (ki gen ladan prim asirans) ki fòme ak pwoteksyon gwoup swen sante, asirans vi gwoup, andikap, zye, oswa dan, ak benefis retrèt; peman taks eta ak lokal yo evalye sou konpansasyon anplwaye yo; epi, pou yon kontraktè endepandan oswa sèl pwopriyetè, salè, komisyon, revni, oswa salè nèt nan travay endepandan oswa konpansasyon menm jan an. (2) Peman prensipal oswa enterè sou nenpòt obligasyon ipotèk biznis (ki pa ka gen ladan nenpòt akont prensipal sou yon obligasyon ipotèk); (3) Peman lwaye biznis, ki gen ladan lwaye dapre yon akò kontra lwaye (ki pa ka gen ladan nenpòt akont nan pri lwaye); (4) Sèvis dèt biznis; (5) Peman pou sèvis piblik biznis pou distribisyon elektrisite, gaz, dlo, telefòn, oswa aksè entènèt pou sèvis ki te kòmanse anvan 15 fevriye 2020; (6) Depans antretyen biznis ki gen ladan antretyen sou mi, planche, sifas pil, mèb, enstalasyon, ak ekipman; (7) Konstriksyon syèj deyò; (8) Pwodwi, ki gen ladan ekipman pwoteksyon ak materyèl netwayaj; (9) Depans manje ak bwason ki gen ladan matyè premyè pou byè oswa likè; (10) Depans founisèki kouvri, ki se yon depans antite kalifye a peye yon founisè machandiz pou apwovizyonman machandiz ki: esansyèl nan operasyon yo nan antite nan moman depans la fèt; epi li fèt dapre yon kontra, òdonans, oswa bon acha anviè nennpòt ki lè anvan yo resevwa lajan; oswa ki gen rapò ak machandiz ki gate, anviè anvan oswa nan nenpòt ki lè pandan peryòd la kouvri (11) Depans fonksyonman biznis, ki defini kòm depans biznis ki fèt nan operasyon biznis nòmal ki nesesè e obligatwa pou biznis la (egzanp lwaye, ekipman, envantè, maketing, asirans). Depans fonksyonman biznis pa gen ladann depans ki rive deyò nan aktivite toulejou yon konpayi an.

Pou rezon deklarasyon lokal : Konte chak kote aplikan an ap fè lavant yo nan yon estrikti pèmanan. Si aplikan an ap fè lavant nan plizyè kote pèmanan, mete chak adrès nan yon lis. Pou aplikan ki opere kamyon manje mobil, charyo, elatriye, antre adrès katye jeneral biznis la.

Nimewo Idantifikasyon Taks: Aplikan an dwe bay nimewo idantifikasyon taks (TIN) pou biznis aplikan an ak tout pwopriyetè 20% oswa plis nan ekite aplikan an. TIN yo ka se Nimewo Idantifikasyon Anplwayè, Nimewo Sekirite Sosyal, oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl Sèvis Revni Entèn asiyen.

Tout moun ki nan lis anba yo, konsidere kòm pwopriyetè Aplikan an:

- Pou yon antrepriz ak yon sèl pwopriyetè, sèl pwopriyetè a;
- Pou yon patenarya, tout patnè jeneral, ak tout patnè limite ki posede 20% oswa plis nan kapital konpayi an;
- Pou yon sosyete, tout pwopriyetè 20% oswa plis nan sosyete a;
- Pou konpayi ak responsablite limite, tout manm ki posede 20% oswa plis nan konpayi an; ak
- Tout fidisyen (si Aplikan a se pou yon fidisi).

Enfòmasyon Demografik: Pou rezon rapò (pa obligatwa) enfòmasyon demografik:

1. **Objektif.** Kolekte enfòmasyon sou veteran/gason oswa fi/etnisite pou rezon deklarasyon pwogram lan sèlman.
2. **Deskripsyon.** Fòm sa mande enfòmasyon sou tout Mandatè Aplikan. Ajoute lòt fèy si gen bezwen.
3. **Definisyon Mandatè.** Tèm "Prensipal" la vle di:
 - Pou yon moun kap travay ak tèt li, kontraktè endepandan, oswa yon pwopriyetè inik, moun kap travay ak tèt li a, kontraktè endepandan oswa pwopriyetè inik lan.
 - Pou yon patenarya, tout asosye jeneral yo ak tout asosye limite yo ki posede 20% nan aksyon Aplikan, oswa nenpòt asosye ki konsène nan jesyon biznis Pretè a.
 - Pou yon kòporasyon, tout pwopriyetè 20% oswa plis nan Aplikan, epi chak responsab ak direktè.
 - Pou yon konpayi ak responsablite limite, tout manm ki posede 20% oswa plis nan Aplikan, epi chak responsab ak direktè.
 - Tout moun Aplikan anplwaye pou jere aktivite toulejou Aplikan ("anplwaye kle").
 - Tout fidisyen (si Aplikan an se pou yon fidisi).
 - Pou yon òganizasyon ki pap fè pwofi, responsab ak direktè Pretè a.
4. **Non Prensipal la.** Ajoute tout non Prensipal la.
5. **Pozisyon Prensipal la.** Idantifye pozisyon Prensipal la; pa egzanp, moun kap travay ak tèt li; kontraktè endepandan; pwopriyetè inik; asosye jeneral; pwopriyetè; responsab; direktè; manm; oswa anplwaye kle.

Aplikasyon pou Finansman Revitalizasyon Restoran

Afilye/biznis afilye: Yon biznis afilye oswa afilye se yon biznis kote yon antite ki kalifye gen yon enterè ekite oswa dwa pou jwenn pwofi distribisyon ki pa mwens pase 50 pousan, oswa kote yon antite ki kalifye gen otorite nan kontra pou l kontwole direksyon biznis la, depi afilyasyon sa ap detèmine kòm nan nenpòt aranjman oswa akò nan egzistans depi 13 mas 2020.

Priorite nan Distribisyon Fon Revitalizasyon Restoran: Pou kalifye pou priorite nan distribisyon Fon Revitalizasyon Restoran, Aplikan dwe sètifye tèt yomenm yo satisfè definisyon nenpòt nan aplikan priorite sa yo:

- **Yon ti biznis ki se pou epi plase anba kontwòl veteran** se yon biznis (yon antite biznis òganize pou pwofi, ak yon kote nan biznis ki sitiye nan peyi Etazini, epi ki opere sitou nan peyi Etazini) ki konsidere kòm piti selon gwoès estanda SBA nan [13 CFR § 121.201](#) e li omwen 51 pousan se pwopriyete youn oswa plis veteran, epi jesyon ak operasyon biznis chak jou Aplikan plase anba kontwòl youn oswa plis veteran. Yon veteran defini kòm yon moun ki te sèvi nan militè aktif, naval, oswa sèvis lè, epi ki te egzeye oswa libere anba kondisyon ki pa dezonorab.
- **Yon ti biznis posede epi kontwole pa fanm** se yon enkyetid biznis (yon antite biznis òganize pou pwofi, ak yon kote nan biznis ki sitiye nan Etazini yo, epi ki opere sitou nan Etazini yo) ki konsidere kòm piti an akò ak gwoès SBA a estanda nan [13 CFR § 121.201](#) e li omwen 51 pousan posede pa youn oswa plis fanm, ak jesyon an ak operasyon biznis chak jou nan aplikan an yo kontwole pa youn oswa plis fanm.
- **Yon ti biznis ki se pwopriyete epi anba kontwòl moun ki defavorize sou plan sosyal ak ekonomik** se yon biznis (yon antite biznis òganize pou pwofi, ak yon adrès ki twouve l nan peyi Etazini, epi ki opere sitou nan Etazini) epi ki konsidere kòm piti nan selon estanda gwoès SBA nan [13 CFR § 121.201](#) e omwen 51 pousan se pwopriyete youn oswa plis moun ki defavorize sou plan sosyal ak ekonomik, yon Kòporasyon Natif Natal Alaska, yon tribi Endyen defavorize sou plan ekonomik, oswa yon Oganizasyon Natif Natal Awayi defavorize sou plan ekonomik, ak jesyon an ak operasyon biznis chak jou aplikan plase anba kontwòl youn oswa plis moun ki gen gwo pwoblèm sosyal ak ekonomik, yon Kòporasyon natif natal Alaska, yon tribi Endyen defavorize sou plan ekonomik, oswa yon Oganizasyon natif natal Awayi defavorize sou plan ekonomik. Moun ki defavorize sou plan sosyal se moun ki sibi prejije rasyal oswa etnik oswa patipri kiltirèl akòz idantite yo kòm yon manm nan yon gwoup san yo pa konsidere kalite moun lan. Moun ki manm nan gwoup sa yo sipoze gen gwo pwoblèm sosyal: Ameriken Nwa; Ameriken Panyòl; Ameriken Endyen Natif Natal (ki gen ladan Natif Natal Alaska ak Natif Natal Awayi); Ameriken Azyatik Pasifik; oswa Ameriken Azyatik Soukontinan. Moun ki ak gwo pwoblèm ekonomik se moun ki defavorize sou plan sosyal ki gen kapasite pou fè konpetisyon nan sistèm lib antrepriz la ki diminye akòz kapital ak opòtinite kredi diminye lè yo konpare ak lòt moun nan menm sektè biznis ki pa defavorize sou plan sosyal. Nan evalye dezavantaj ekonomik, SBA pral gade si wi ou non valè nèt nan dezavantaj reklamasyon endividyèl la mwens pase \$750,000, eksepte enterè pwopriyete li nan aplikan an, prensipal rezidans pèsone, responsablite kontenjan, lajan envesti nan yon kont retrèt ofisyèl, oswa revni yo resevwa nan yon S-kòporasyon, LLC, oswa patenarya si moun nan bay dokiman ki montre revni an te re-envesti nan konpayi an. SBA ap gade tou si revni brit ajiste moun nan gen yon mwayèn ki sou twa ane anvan yo depase \$350,000. Revni ou resevwa nan menm yon S-kòporasyon, LLC oswa patenarya ki re-envesti nan konpayi an a oswa te itilize pou peye taks ki rive nan operasyon yo nòmal nan pa ladann. Finalman, SBA ap gade si wi ou non valè mache a ki jis nan tout byen moun nan (eksepte enterè pwopriyete li nan Aplikan an, prensipal rezidans pèsone, oswa lajan envesti nan yon kont retrèt ofisyèl) depase \$6 milyon dola. Yon moun ki depase nenpòt nan limit sa yo pou valè nèt, revni pèsone, oswa byen total yo pral jeneralman jije yo pa dfavorize sou plan ekonomik.
- SBA ap konsidere yon aplikan satisfè definisyon yon ti biznis ki se pwopriyete oswa anba kontwòl fanm, veteran, oswa moun ki defavorize sou plan sosyal ak ekonomik si aplikan an se yon ti biznis ki pou omwen 51 pousan se pwopriyete youn oswa plis moun ki se fanm, veteran, oswa moun ak gwo pwoblèm sosyal ak ekonomik epi si jesyon an ak operasyon biznis chak jou aplikan an yo anba kontwòl youn oswa plis fanm, veteran, oswa moun ak gwo pwoblèm ekonomik. **Egzanp::** Yon aplikan gen senk mèl ki chak posede 20 pousan nan aplikan an. De mèl yo se veteran epi yon sèl pwopriyete se yon moun ki defavorize sou plan sosyal ak ekonomik. SBA ap konsidere aplikan satisfè egzijans pou omwen 51 pousan nan aplikan an se pwopriyete yon gwoup priorite.
- Si yon moun satisfè kondisyon plis pase yon kategori gwoup priorite, moun sa a sèlman konte yon fwa. **Egzanp::** Yon aplikan gen senk mèl ki chak posede 20 pousan nan aplikan an. Youn nan pwopriyete yo se yon fanm veteran ki se yon moun ki defavorize sou plan sosyal ak ekonomik; sepandan, okenn nan kat pwopriyete ki rete yo se yon fanm, yon veteran, oswa yon moun ki defavorize sou plan sosyal ak ekonomik. Aplikan sa a pa elijib pou l ranpli yon aplikasyon kòm yon aplikan gwoup priorite. Jesyon aplikan an ak operasyon biznis chak jou dwe plase anba kontwòl tou youn oswa plis fanm, veteran, oswa moun ki defavorize sou plan sosyal ak ekonomik.

Lwa sou Rediksyon Travay Administrasyon - Ou pa oblije reponn ak ansanm enfòmasyon sa yo sòfsi yo genyen yon Nimewo Kontwòl OMB valid pou kounye a. Kantite tan yo evalye pou ranpli aplikasyon an, ak ladann kolekte enfòmasyon nesese, se 45 minit. Kòmantè sou tan sa a oswa enfòmasyon yo mande yo ta dwe voye bay: Small Business Administration, Director, Records Management Division, 409 3rd St., SW, Washington DC 20416, epi/oswa SBA Desk Officer, Office of Management and Budget, New Executive Office Building, Washington DC 20503. **TANPRI PA VOYE FOM RANPLI NAN ADRÈS SA YO.**

Lwa Sou Pwoteksyon Vi Prive (5 U.S.C. 552a) –Dapre dispozisyon ki nan Lwa sou Vi Prive a, ou pa oblije bay nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa bay nimewo sekirite sosyal ou an, sa pa ka afekte okenn dwa, avantaj oswa privilèj ou gen dwa ak yo. (Men gade Avi sou Rekouvreman Dèt konsènan nimewo idantifikasyon kontribyab ki anba a.) Divilgasyon non ak lòt idantifikasyon pèsone yo obligatwa pou

Aplikasyon pou Finansman Revitalizasyon Restoran

sa bay SBA ase enfòmasyon pou fè yon detèminasyon karaktè. Lè yap evalye karaktè, SBA konsidere entegrite moun nan, senterite li, ak dispozisyon li genyen pou fè aksyon kriminel. Anplis de sa, SBA gen yon otorizasyon espesyal pou yo verifye istwa kriminel ou, oswa si w pa genyen, dapre seksyon 7 (a)(1)(B), 15 U.S.C. Seksyon 636(a)(1)(B) nan Lwa sou Ti Biznis la.

Divilgasyon enfòmasyon— Demann pou enfòmasyon sou yon lòt moun konsènen ka refize sof si SBA gen pèmasyon alekri moun nan pou divilge enfòmasyon yo bay moun kap fè demann lan oswa sof si enfòmasyon yo ka divilge dapre Lwa sou Libète Enfòmasyon a. Lwa sou Vi Prive a otorize SBA fè sèten "itilizasyon woutin" ak enfòmasyon Lwa sa a pwoteje. Youn nan itilizasyon woutin sa yo se divilgasyon enfòmasyon ki konsève nan sistèm dosye SBA lè enfòmasyon sa yo montre yon vyolasyon oswa posib vyolasyon lalwa, kit li sivil, kriminel, oswa administratif. Byen espesyal, SBA ka refere enfòmasyon yo bay ajans apwopriye a, kit se Federal, Eta, lokal oswa etranje, ki responsab pou, oswa ankò patisipe nan envestigasyon, pouswit jidisyè, ranfòsman oswa prevansyon vyolasyon sa yo. Yon lòt itilizasyon woutin se divilgasyon bay lòt ajans Federal ki fè tyèk sou pase moun men sèlman nan limit enfòmasyon yo enpòtan pou fonksyon ajans kap mande yo a. Gade 74 F.R. 14890 (2009) epi jan li amande de tan zan tan pou plis tyèk istwa pase moun ak lòt woutin. Mete sou sa, Lwa CARES la egzije pou SBA enskri chak prè ki fèt nan Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè a avèk Nimewo Idantifikasyon Kontribyab la (TIN) ki asiyen bay pretè lajan.

Lwa 1982 sou Rekouvremant Dèt, Lwa 1984 sou Rediksyon Defisi (31 U.S.C. 3701 et seq. ak lòt tit)— SBA dwe jwenn nimewo idantifikasyon kontribyab ou lè ou aplike pou yon prè. Si ou resevwa yon prè, epi ou pa peye lè dat la rive, SBA kapab: (1) rapòte estati prè ou (yo) bay biwo kredi yo, (2) anboche yon ajans rekouvremant pou kolekte prè ou a, (3) konpanse ranbousman taks sou revni ou oswa lòt kantite lajan Gouvènman Federal la dwe ou, (4) sispann oswa anpeche ou oswa konpayi ou nan fè biznis ak Gouvènman Federal la, (5) refere prè ou bay Depatman Jistis, oswa (6) pran lòt aksyon yo otorize nan enstriman prè yo.

Lwa 1978 sou Dwa pou Pwoteksyon Enfòmasyon Finansye (12 U.S.C. 3401)— Lwa 1978 sou Dwa pou Konfidansyalite Finansye, akòde dwa aksè SBA nan dosye finansye ki konsève nan enstitisyon finansye kap fè oswa ki te fè biznis avèk ou oswa biznis ou, san bliye nenpòt enstitisyon finansye ki ap patisipe nan yon prè oswa garanti prè. SBA sèlman oblije remèt yon sètifika konfòmite li ansanm ak Lwa a bay yon enstitisyon finansye anrapò avèk premye deman li an pou aksè nan dosye finansye ou yo. Dwa aksè SBA kontinye pandan dire nenpòt akò garanti prè ki apwouve. SBA otorize tou pou l transfere nan yon lòt otorite Gouvènman nenpòt dosye finansye konsènan yon prè apwouve oswa garanti prè, jan sa nesè nan pwosesis, sèvis oswa sezi sou yon garanti prè oswa kolekte sou yon garanti prè ki pa peye.

Lwa sou Libète Enfòmasyon (5 U.S.C. 552)— Lwa sa a prevwa, ak kèk eksepsyon, pou SBA bay enfòmasyon ki parèt nan dosye ak dokiman ajans lan, bay yon moun ki mande li. Enfòmasyon sou prè apwouve ki jeneralman pibliye gen ladan, pami lòt bagay, estatistik sou pwogram prè nou yo (pretè endividyèl yo pa idantifye nan estatistik yo) ak lòt enfòmasyon tankou non prete yo, kantite lajan prè a, ak kalite prè an. Done propriyete sou yon pretè lajan pa ta dwe disponib konsa pou twazyèm pati yo. Tout demand kap antrave Lwa sa a fèt pou adrese nan biwo SBA ki pi pre a epi yo fèt pou idantifye kòm yon demand Libète Enfòmasyon.

Lwa sou Sante ak Sekirite nan Travay (15 U.S.C. 651 et seq.)— Administrasyon Sante ak Sekirite nan Travay (OSHA) kapab mande pou biznis modifiye enstalasyon ak pwosedi yo pou pwoteje anplwaye yo. Biznis ki pa konfòme yo ka gen pou peye amannepi oblije diminye danje yo nan espas travay yo. Yo ka resevwa lòd tou pou yo sispann operasyon ki poze yon danje lanmò lapoula oswa blesi grav jiskaskè anplwaye yo ka jwenn pwoteksyon. Lè li siyen fòm sa a, aplikan an sètifye, dapre tou sa l konnen, li konfòme li avèk kondisyon OSHA mande yo, epi li ap toujou konfòme li pandan dire prè a.

Dwa sivil (13 C.F.R. 112, 113, 117)— Tout biznis kap resevwa asistans finansye SBA dwe dakò pou yo pa fè diskriminasyon nan okenn pratik biznis, tankou pratik travay ak sèvis pou piblik la sou baz kategori ki site nan 13 C.F.R., Pati 112, 113 ak 117 Règ SBA yo. Tout pretè yo dwe montre "Afich Opòtinite Travay Egal" SBA preskri a.

Lwa sou Opòtinite Kredi Egal (15 U.S.C. 1691)— Li entèdi pou Kredite fè diskriminasyon kont aplikan kredi sou baz ras, koulè, relijyon, orijin nasyonal, sèks, eta sivil oswa laj (depi aplikan an gen kapasite pou siyen yon kontra obligatwa); paske tout oswa yon pati nan revni aplikan an sòti nan nenpòt pwogram asistans piblik; oswa paske demandè a ak bòn fwa li te egzèse nenpòt dwa dapre Lwa sou Pwoteksyon Kredi Konsomatè a.

Dekrè Egzekitif sou Esklizyon ak Sispannyon 12549 (2 C.F.R. Part 180 and Part 2700)— Lè ou soumèt aplikasyon prè sa a, ou sètifye ni aplikan, ni okenn pwopriyete aplikan an, nan twa dènye ane ki sot pase yo: (a) te jwenn nan men yon Ajans Federal entèdiksyon, sispannyon, deklarasyon inajiblite oswa retrè volontè nan patisipasyon nan yon tranzaksyon; (b) fòmèlman pwopoze pou entèdiksyon, ak yon desizyon final toujou annatan; (c) te akize, kondane, oswa te gen yon jijman sivil ki soti kont ou pou nenpòt nan ofans yo ki nan lis nan règleman yo oswa (d) te delenkan sou nenpòt kantite lajan li dwe Gouvènman ameriken oswa ajans li yo nan dat siyati sètifikasyon sa a.